

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi anu geus dijéntrékeun dina bab IV, analisis ragam basa dina pakasaban masarakat dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Pakasaban masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor téh réa jumlahna. Dumasar kana data anu geus kakumpulkeun, pakasaban masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor dikelompokkeun jadi sababaraha kelompok, di antarana waé saperti pagawé kaséhatan, PNS, TNI/POLRI, pénsiunan, karyawan/guru, wiraswasta, buruh, pelajar, jeung aya ogé anu teu gawé.
- 2) Wangun kandaga kecap pakasaban anu kapanggih tina 66 kecap istilah aya 4 wangun, nyaéta kecap salancar, kecap rundayan, kecap rajékan jeung kecap wacahan. Kecap salancar anu kapanggih tina data kecap istilah jumlahna aya 34 kecap. Kecap rundayan nu kapanggih tina data kecap istilah jumlahna aya 28 kecap. Dumasar kana data, kapanggih aya rarangkén anu kagolong kana kecap rundayan nyaéta rarangkén N-, rarangkén +an, rarangkén pa- +an, rarangkén +eun, rarangkén N- +an, jeung rarangkén pa +N-. Kecap wacahan nu kapanggih tina data kecap istilah jumlahna aya 3 kecap, diantaranya waé kaasup kana kecap tingkesan, jeung kecap singgetan. Kecap rajékan nu kapanggih tina data jumlahna aya hiji kecap nu kaasup kana kecap rajékan dwipurwa.
- 3) Kecap has atawa istilah nu kapanggih jumlahna aya 70 anu 4 diantara mangrupa kecap anu sarua jeung pakasaban séjénna nyaéta dina pakasaban supir jeung ojég. Dina pakasaban dagang kapanggih aya 13 kecap, dina pakasaban ojég kapanggih aya 8 kecap, dina pakasaban supir kapanggih aya 13 kecap, dina pakasaban tani kapanggih aya 27 kecap, dina pakasaban Ustad/ustadah kapanggih aya 7 kecap. Jumlah kecap istilah dipangaruhan ku lobana kagiatan dina pakasabanna.
- 4) Ragam basa nu dipaké komunikasi ku masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor kapanggih aya 6 ragam basa nyaéta ragam *vulgar*, ragam

slang, ragam *kolokial*, ragam lemes atawa hormat, ragam kasar atawa loma jeung ragam campuran.

- 5) Istilah nu kapanggih dina tiap-tiap pakasaban ngandung harti séwang-séwangan. Ieu harti téh dicatet dumasar kana katerangan masarakat dina waktu wawancara, lain harti anu kaunggel dina kamus. Ku kituna teu anéh lamun wangun kecapna sarua jeung kecap basa Sunda lulugu, tapi hartina béda.

5.2 Implikasi jeung Rékomendasi

Dina hiji panalungtikan teu leupas tina ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sacara umum ieu panalungtikan miboga kahéngkérán dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kabasaan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeyeuban katatabasaan. Dipiharep bisa méré mangpaat pikeun kalangan akademisi atawa institusi lainna jeung jadi acuan panalungtikan ragam basa Sunda di wilayah nu tangtu.

Panalungtikan ieu dipiharep bisa nambahan matéri atawa objék panalungtikan kalawan nambahan istilah nu digunakeun jeung pengelompokan leuwih spesifik antara basa Sunda jeung basa Sunda campuran.